

Biwo pou Prevansyon

Kisa Biwo Prevansyon an ye?

Biwo Prevansyon an (Office Of Prevention, OOP) ede pwoteje moun ki gen andikap entelektiyèl ak andikap nan devlopman k ap viv nan fwaye kominotè ki lisansye nan Depatman Sèvis Sosyal NJ (Department of Human Services, DHS). Li te fòme an 2023 lè yo te mete ansanm de ekip anvan yo: Inite Sekirite ak Sèvis sou Teren an (FSSU) ak Inite Rechèch ak Prevansyon an.

Objektif OOP se anpeche abi, neglijan, ak eksplwatasyon anvan yo rive — pou fè sa, li idantifye risk yo, li fè vizit sanzatann nan sit yo dapre Lwa Stephen Komminos la, epi lè li kolabore avèk ajans founisè yo pou amelyore sekirite ak kalite swen yo.

Kisa vizit sou sit sanzatann yo ye?

Estaf FSSU an fè vizit sanzatann nan chak fwaye lisansye DHS omwen de (2) fwa pa ane. Vizit sa yo se pa enspeksyon pou lisans, men pito se vizit ki pran devan pou evalye kijan moun yo ye ak si gen nenpòt pwoblèm sekirite ki egziste.

Vizit yo konsantre sou:

- Nenpòt endikasyon abi, neglijan, oswa eksplwatasyon
- Pwòpte ak sekirite nan fwaye a
- Entè-aksyon ak sipò estaf la
- Itilizasyon medikaman ak ekipman medikal
- Swen medikal ak swivi
- Respè Plan Sèvis la
- Apwovizyonman manje ak rejim alimantè
- Byennèt jeneral moun yo

Kisa ki pase anvan yon vizit?

FSSU egzamine enfòmasyon yo ak anpil atansyon anvan li rive:

- Egzamen Pwogram: Egzamine ensidan kritik pase yo, rapò lisans, ak konklizyon FSSU pase yo.
- Egzamen Endividyèl: Egzamine Plan Sèvis Endividyèl la (Individual Service Plan, ISP), dosye sante yo, nòt kowòdonatè sipò a, ak plan konpòtman yo pou konprann bezwen inik moun lan.

Kisa ki pase pandan yon vizit?

Estaf FSSU yo sikile nan fwaye a, obsève kondisyon yo, epi pale avèk rezidan yo ak estaf la. Yo evalye kijan chak moun ap resevwa sipò epi yo egzamine domèn presi tankou:

- Siveyans sante ak medikal
- Rejim alimantè ak nitrisyon
- Sipò konpòtman ak entèvansyon estaf
- Aksè nan efè pèsonèl e sipò finansye
- Byennèt emosyonèl ak fizik
- Sipèvizyon ak sekirite

Yo evalye enkyetid yo nan nòt ki soti nan 1 (Okenn enkyetid) jiska 3 (Enkyetid grav). Founisè yo resevwa yon notifikasyon si nenpòt bagay ki bezwen yon entèvansyon.

Kisa ki pase apre yon vizit?

- Founisè yo resevwa yon rezime alekri sou rezilta yo.
- Si enkyetid yo grav, swivi gendwa fèt touswit nan telefòn oswa pa imèl.
- Lè sa jistifye, yon Rapò Ensidan soumèt pou asire yon swivi apwopriye fèt.
- Founisè yo dwe reponn nan yon delè semèn si yon swivi nesèsè.
- Yo ka kominike pwoblèm ki repete yo bay Biwo Lisans lan pou plis aksyon kapab pran.

Biwo Prevansyon an itilize done ki soti nan Biwo Entegrite ak Responsablite Pwogram yo (Program Integrity and Accountability, OPIA), lòt divizyon nan Depatman Sèvis Sosyal (DHS), ak sous rechèch ekstèn ki gen bon repitasyon pou gide rekòmandasyon ki soutni amelyorasyon nan tout sistèm yo. Lè sa posib, biwo a pran devan pou idantifye epi ankouraje estrateji pou prevni oswa diminye abi, neglijan ak lòt evènman endezirab.

Gras a egzamen konplè, ekip Rechèch ak Prevansyon an idantifye enkyetid ak tandans k ap parèt yo. Baze sou rezilta sa yo, yo fè rekòmandasyon sible bay antite ki konsène yo pou sipòte amelyorasyon kalite swen yo.

Biwo a devlope tou bilten enfòmasyon edikatif ki ofri resous pratik ki konsantre sou redui risk ak sou pwomosyon sekirite. Sijè yo gen ladan meyè pratik pou rekrute ak fè entèvyou ak Pwofesyonèl Sipò Dirèk yo (Direct Support Professional, DSP), prevni eksplwatasyon, ak plis ankò.

Ou ka gade pi resan [bilten enfòmasyon yo isit la](#).